Pou Piblikasyon Imedya: 18/03/2021 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 16 SIT VAKSINASYON TANPORÈ AP VINI ANLIY PANDAN SEMÈN PWOCHÈN LAN POU VAKSINEN PLIS PASE 4,500 NOUYÒKÈ

Ranfòse angajman Eta a pou asire jistis ak ekite nan pwosesis distribisyon vaksen an

Sit vaksinasyon kominotè 'tanporè' yo te pèmèt plis pase 55,000 Nouyòkè resevwa premye dòz vaksen an

Sit òganizatè yo ak founisè patenè yo ap reyalize sansibilizasyon nan kominote yo a epi yo ap travay avèk lidè kominotè yo ak òganizasyon yo pou idantifye Nouyòkè ki elijib yo epi pwograme randevou vaksinasyon yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 16 sit vaksinasyon kominotè tanporè ap vini anliy pandan semèn pwochèn lan nan legliz yo, devlopman lojman piblik yo ak sant kominotè yo. Yo prevwa sit sa yo ap vaksinen plis pase 4,500 moun pandan tout semèn lan. Depi 15 janvye, plis pase 145 sit kominotè tanporè te administre plis pase 55,000 premye dòz nan vaksen kont COVID-19 la. Menm jan ak sitiyasyon sit tanporè anvan yo, yo pral re-etabli sit sa yo nan twa semèn pou administre dezyèm dòz yo.

Alavni, kòm founiti vaksen federal la ap ogmante, New York pral kontinye etabli sit tanporè sa yo nan tout 33 Devlopman Lojman pou Granmoun Aje NYCHA (NYCHA Senior Housing Developments) yo, ki loje plis pase 7,600 granmoun aje. Yo pral kontinye etabli tou lokal tanporè yo pral nan lòt konplèks lojman piblik yo nan tout Eta a, epitou nan plis pase 300 legliz ak sant kominotè ki ofri tèt yo volontèman pou loje sit sa yo atravè Gwoup Travay sou Ekite Vaksen (Vaccine Equity Task Force) Gouvènè Cuomo a.

"Pa gen okenn Eta ki ap fè yon pi bon travay nan distribisyon efikas, ekitab vaksen an pase New York, epi nou ap travay san sès chak grenn jou pou mete piki nan bra yo rapidman epi pou nou vini premye Eta ki san COVID nan peyi a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou ap ogmante sitèm distribisyon vaksen an pou reponn ak ogmantasyon nan founiti yo, men yon sistèm distribisyon pa kapab sèlman devlope - li dwe devlope yon fason ekitab. Se pousa depi nan kòmansman an nou te priyorize distribisyon jis ak ekitab vaksen an atravè efò tankou sit tanporè yo ke yo ap etabli nan kominote ki te frape pi rèd anba COVID la pou ede asire ke nou pa kite dèyè Nouyòkè ki defavorize yo nan pwosesis distribisyon an."

Etablisman anpil nan sit vaksinasyon sa yo te vini posib atravè patenarya yo avèk anpil founisè swen sante piblik ak prive. Sit òganizatè yo ak founisè patenè yo ap reyalize sansibilizasyon nan kominote yo a epi yo ap travay avèk lidè kominotè yo ak òganizasyon yo pou idantifye Nouyòkè ki elijib yo epi pwograme randevou vaksinasyon yo. 16 sit yo ap etabli pandan semèn pwochèn ap sitiye nan adrès ki anba la a:

VIL NEW YORK
Legliz Batis Mon Neboh (Mount Neboh Baptist Church)
1883 Adam Clayton Powell Jr Boulevard
New York, NY 10026
Ouvri: Jedi 18 mas-vandredi 19 mas, 9AM-5PM

Legliz Batis Sen Filip (St. Philips Baptist Church)
77 Bennett Street
Staten Island, NY 10302
Ouvri: Madi 23 mas, 10AM - 6PM

Legliz Aliento de Vida (Aliento de Vida Church)
103-12 Roosevelt Avenue
Corona, NY 11368
Ouvri: Samdi 20 mas, 9AM - 5PM

Legliz Batis Memoryal Walker (Walker Memorial Baptist Church)
120 East 169th Street
Bronx, NY 10452
Ouvri: Samdi 20 mas, 9AM - 5PM

Legliz Batis Mon Ararat (Mt. Ararat Baptist Church)
425 Howard Avenue
Brooklyn, NY 11233
Ouvri: Vandredi 19 mas, 9AM - 5PM

NYCHA Laguardia
200 Madison Street
Manhattan, NY 10002
Ouvri: Vandredi 19 mas, 9AM - 5PM

NYCHA Meltzer
189 Allen Street
Manhattan, NY 10002
Ouvri: Samdi 20 mas, 9AM - 5PM

NYCHA Bethune
1970 Amsterdam Avenue
Manhattan, NY 10032

Ouvri: Jedi 18 mas, 9AM - 5PM

LONG ISLAND
Legliz Kongregasyonèl Patchogue (Congregational Church of Patchogue)
95 E Main Street
Patchogue, NY 11772
Ouvri: Vandredi 19 mas, 2PM - 6PM

Bibliyotèk Piblik Lakeview (Lakeview Public Library)
1120 Woodfield Road
Rockville Centre, NY 11570
Ouvri: Jedi 18 mas, 9AM - 5PM

HUDSON VALLEY
Haverstraw Community Center
50 W. Broad Street,
Haverstraw, NY
Ouvri: Jedi 18 mas, 9 AM - 4 PM **tout randevou nan sit sa ranpli

Legliz Episkopal St. Thomas (St. Thomas Episcopal Church)
168 W Boston Post Road
Mamaroneck, NY 10543
Ouvri: Samdi 20 mas, 9AM - 5PM **tout randevou nan sit sa ranpli

REJYON KAPITAL
Sante Piblik Konte Saratoga (Saratoga County Public Health)
6012 County Farm Road
Ballston Spa, NY 12020
Ouvri: Samdi 20 mas, 9AM - 1PM **tout randevou nan sit sa ranpli

FINGER LAKES
Legliz Batis Misyonè Mòn Oliv (Mt. Olive Missionary Baptist Church)
70 Clark Street
Geneva, NY 14456
Ouvri: Samdi 20 mas, 11AM - 2PM

REJYON LWÈS NEW YORK
Northwest Buffalo Community Center (Sant Kominotè Northwest Buffalo)
155 Lawn Avenue
Buffalo, NY 14207
Ouvri: Vandredi 19 mas, 9AM - 4PM

River Walk Plaza
121 Bolivar Road
Wellsville, NY 14895
Ouvri: Jedi 18 mas, 9AM - 7PM

Devlopman kontini sa a nan sit vaksinasyon kominotè 'tanporè' yo fè avanse manda Gouvènè Cuomo a pou asire distribisyon jis ak ekitab vaksen COVID-19 la. Nan fen 2020, Gouvènè a te anonse lansman Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nan New York ke Sekretè Eta Rossana Rosado, Prezidan Lig Iben ak Direktè Egzekitif Jeneral Marc Morial, ak Prezidan Healthfirst ak Direktè Egzekitif Jeneral Pat Wang ap dirije. Depi etablisman li, Gwoup Travay la te kontinye travay pou asire kominote vilnerab ak defavorize yo pa rete dèyè nan elimine baryè pou jwenn vaksinasyon epi asire gen distribisyon ekitab vaksen an nan tout Eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU